

BAB 1

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Dina kahirupan sapopoé basa dipaké pikeun alat komunikasi jeung papada jalma, alat nepikeun kamandang, konsép atawa rarasaan. Sabenerna jalma bisa ngagunakeun alat pikeun komunikasi salian ti basa, ngan kanyataanna basa téh alat komunikasi anu pangalusna dibandingkeun alat komunikasi anu lianna. Basa ogé mangrupa hiji sistem, hartina basa diwangun ku komponén anu boga padika tetep sarta bisa dikaidahkeun (Chaer, 2010 kc. 12).

Basa salian mangrupa hiji sistem ogé miboga sipat-sipat. Dina sistemna, basa salian sipatna sistimatis kitu deui boga sipat sistemis. Ari sistemismaksudna yén basa téh disusun nurutkeun rangkéyan anu teu disusun sacara acak, ari sistemis mah nyaéta sistem basa téh lain mangrupa hiji sistimtunggal tapi boga sababaraha subsistem. Sistem basa anu diobrolkeun nyaéta mangrupa lambang-lambang dina wangun sora, hartina lambang-lambang wangun sora éta anu sok disebut sora omongan atawa sora basa. Unggal lambang basa ngalambangkeun hal anu dimaksud ma'na atawa konsép ku sabab lambang sora miboga ma'na, ku kituna bisa dicindekkeun yén ungal ujaran basa miboga ma'na, upamana lamun aya lambang sora anu henteu boga ma'na, ku kituna lambang éta teu kaasup kana sistem basa.

Ditingali dina jihat panyatur, Si Panyatur nepikeun sikep dumasar naon anu disebutkeunnana (pangregep). Si Panyatur lain ukur nepikeun émosi liwat basa hungkul tapi bisa ogé ningalikeun émosi basa nepikeun omonganna. Dina hal ieu nu diajak nyarita bisa boga dugaan yén Si Panyatur keur dina kaayan ceurik, ambek, bagja jeung sajabana.

Dina komunikasi jeung batur bisa dilakonan ku dua pihak atawa leuwih. Aya dua rupa komunikasi basa, nyaéta komunikasi saarah jeung komunikasi dua arah (Chaer, 2010 kc. 21) Conto komunikasi saarah nyaéta hotbah di masjid, ceramah jeung sajabana. Ari komunikasi dua arah contona nyaéta dina rapat, diskusi, rundingan jeung sajabana, dina hiji komunikasi ogé bisa dipastikeun ayana hiji

paguneman. Paguneman téh nyaéta hiji kajadian maké basa lisan antara dua urang atawa leuwih anu umumna dilakonan dina kaayaan keur nyalsé.

Unggal komunikasi, nu nyarita atawa nu ngadéngé tangtuna ngedalkeun basa. Dina hal ieu, aya élmu nu medar ngeunaan basa, ku sabab basa teu bisa ditingali tina jihat struktural hungkul, tapi maluruh kudu dipakaitkeun jeung aspék-aspék di luar struktur basa. Salasahiji ulikan basa anu medar aspék-aspék di luar struktur basa nyaéta pragmatik atawa analisis wacana. Dina dua widang ulikan ieu, ulikan basa ngalibetkeun aspék-aspék di luar basa anu kalibet sarta méré ma'na dina komunikasi atawa guneman, boh komunikasi atawa guneman antara dua urang jalma atawa leuwih, ku kituna perlu maham kana polah ucap dina guneman sangkan naon anu dikedalkeun bisa dipikaharti ku nu ngadéngé. Salah sahiji bagéan dina kajian pragmatik di antarana aya polah ucap jeung deiksis.

Pragmatik miboga ulikan di antarana aya déiksis, presuposisi, jeung implikatur. Fénoména déiksis mangrupa cara anu paling jéntré pikeun ngagambarkeun hubungan antara basa jeung kontéks dina struktur basana. Istilah déiksis di injeum tina basa *Yunani* nyaéta pikeun “panuduh” sedengkeun polah ucap mangrupa unsur pragmatik anu ngalibetkeun nu ngomong (nu nyarita jeung nu ngadéngé sarta anu di omongkeun).

Metodeu panalungtikan anu digunakeun nyaéta déskriptif kualitatif anu tujuanna pikeun medarkeun ma'na polah ucap éksprésif, wanda omongan (ditingali dumasar sipat polah ucap) nu aya dina rubrik “Barakatak” majalah *Manglé* sarta déiksisna. Data anu dianalisis mangrupa kekecapan anu nuduhkeun polah ucap éksprésif, déiksis jeung wanda omongan nu aya dina data paguneman dina rubrik “Barakatak” majalah *Manglé*. Téhnik pangumpulan data anu dipaké nyaéta téhnik pilah unsur langsung ku cara nyokot data dina rubrik “Barakatak” majalah *Manglé* anu taun 2017. Data kekecapan nu dipilih dumasar kana rumusan masalah, sedengkeun sumber datana dicokot dumasar kana sa édisi tina rubrik “Barakatak” Majalah *Manglé* unggal bulanna.

Dina panalungtikan saméméhna lumayan réa panalungtikan ngeunaan polah ucap anu geus di garap, di antarana ku Ainun Mutmainnah (2019) anu judulna

“Tindak Tutur Ilokusi pada Pedagang di Pasar Butung Makasar (Tinjauan Pragmatik)”, dina panalungtikanna medar ngeunaan kumaha wujud polah ucap diréktip jeung wujud polah ucap komisip utamana ka padagang di pasar Butung Makasar, panalungtikan nu judulna “Tindak Tutur Masyarakat Di Désa Lawangan Daya Kecamatan Pademawu Kabupaten Pamekasan” ku Fifin Verawati (2019) panalungtikanna ngeunaan papasingan jeung wujud polah ucap di lingkungan kulawarga masarakat Désa Lawangan Daya Kecamatan Pademawu Kabupaten Pamekasan.

Panalungtikan lianna judulna “Bentuk Tindak Tutur Ilokusi dina Program Sentilan Sentilun” ku Andreas Dwi Yuniyanto, dina panalungtikanna medar wangun polah ucap ilokusi nu aya dina salasihiji program dina tipi, panalungtikan séjénna nyaéta “Tindak Tutur Ilokusi dalam Film Pendek “Tilik“ (2018) ku Edo Frandika, panalungtikanna medar wangun polah ucap ilokusi; jeung wanda polah ucap ilokusi dina film pondok “Tilik” (2018), panalungtikan nu judulna “Déiksis Éndoforis dina Wacana Rubrik “Lénsatama” Koran Galura Pikeun Bahan Pangajaran Maca Warta di SMP (Ulukan Pragmatik) ku Lelly Pratiwi, dina panalungtikanna medar ngeunaan déiksis éndoforis nu kapanggih dina wacana rubrik “Lénsatama” koran *Galura* (Posisi antésédén déiksis éndoforis, wujud antésédén nu dituduhkeun ku déiksis éndoforis sarta larapna déiksis éndoforis dina rubrik “Lénsatama” koran *Galura*.

Dina panalungtikan salajengna, nu nulis (Yuliani Mayasari) baris ngayakeun panalungtikan ngeunaan polah ucap jeung déiksis anu aya dina rubrik “Barakatak” majalah *Manglé* (Ulukan Pragmatik). Rubrik “Barakatak” nyaéta rubrik anu eusina ngébréhkeun rarasaan (éksprésif) pangarangna dina wangun paguneman.

Pernyataan kaasup kana wanda pikeun nétélakeun polah ucap éksprésif nu aya dina rubrik “Barakatak” nu data basana mangrupa paguneman nu nepikeun hal nu bodor. Bodor atawa humor nyaéta kamampuan saurang jalma dina ngaéksprésikeun hal nu pikaseurieun atawa hal anu teu biasana, ari dina hiji paguneman sering kapanggih pamakéan pragmatik anu aya humor. Paguneman antara dua urang atawa leuwih pikeun saurang panyatur bisa dianggap humor tapi

acan tangtu pikeun batur, hal ieu dipangaruhan ku kapekaan tingkat kapahaman unggal jalma.

Ngeunaan panalungtikan polah ucap kawilang lumayan réa, obyék panalungtikanna ogé rupa-rupa, aya anu obyékna kana paguneman langsung, paguneman di média éléktronik saperti tipi, radio, aya ogé dina iklan saperti iklan di baliho jeung sajabana. Dina ieu panalungtikan obyékna kana majalah *Manglé* Sunda. Panalungtikan kana majalah *Manglé* kaasup kana panalungtikan anu pikatajieun, ku kituna Panalungtik baris ngayakeun panalungtikan anu obyék panalungtikanna dina majalah *Mangle* nu ngagunakeun ulikan tiori nu ngabédakeun jeung panalungtikan séjénna.

Anu ngabédakeun panalungtikan ieu jeung nu séjénna nyaéta panalungtik ngabantun obyék panalungtikanna dina majalah *Manglé* jeung panalungtikan polah ucap leuwih di pikeuskeun kana ma'na polah ucap éksprésif jeung wandana ku sabab data basa nu aya dina rubrik “Barakatak” majalah *Manglé* lolobana nepikeun rarasaan atawa kaayaan éksprésif nu karandapan ku pangarangna.

Ayana panalungtikan ieu dipiharep bisa dijadikeun sumber inpormasi ngeunaan panalungtikan kabasaan nu aya dina majalah Sunda (majalah *Manglé*) tur bisa ngamumulé basa Sunda dina kahirupan sapopoé. Cara ngamumuléna bisa ngaliwatan média sosial, média cetak jeung téhnologi informasi lianna, ku kituna panalungtikan ieu dijudulan “Polah Ucap jeung Deiksis dina Rubrik “Barakatak” Majalah *Manglé* (Ulikan Pragmatik)”.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kasang tukang di luhur, aya tilu masalah nu bisa diidéntifikasi dina ieu panalungtikan, nyaeta:

- a. Wanda omongan nu mangrupa polah ucap; saperti medar polah ucap langsung literal, polah ucap langsung tan literal, polah ucap teu langsung literal, polah ucap teu langsung tan literal;

- b. Ma'na atawa harti polah ucap ékspresif; saperti ngébréhkeun rasa anu karandapan ku panyaturna (muji, keuheul, ambek, ngawilujengkeun, nganuhunkeun, geuleuh, ngéwa) jeung saterusna.
- c. Deiksis éndoforis dina polah ucap; saperti medar déiksis anaforis jeung kataforis, kitu deui wanda déiksisna (persona, lokatif, témporal, sosial).

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar idéntifikasi masalah anu geus di pedar di luhur, rumusan masalah anu dipedar dina panalungtikan ieu aya tilu, saperti ieu di handap.

- a. Wanda omongan atawa polah ucap naon waé nu aya dina rubrik “Barakatak” majalah *Manglé*?
- b. Ma'na atawa harti polah ucap ékspresif naon waé nu aya dina rubrik “Barakatak” majalah *Manglé*?
- c. Kumaha déiksis dina polah ucap nu kapanggih tina rubrik “Barakatak” majalah *Manglé*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nyaéta mikanyaho jeung manggihan: wanda omongan jeung ma'na polah ucap ékspresif sarta déiksis dina rubrik “Barakatak” majalah *Manglé* nu diulik tina jihat pragmatik. Ulikan pragmatik digunakeun dina ieu panalungtikan lantaran bisa ngagambarkeun rupa-rupa kontéks makéna basa tina rupa-rupa komponén polah ucap jeung komunikasi.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun medar tilu hal, nyaéta:

- a. Wanda omongan (polah ucap) dina rubrik “Barakatak” majalah *Manglé*;
- b. Ma'na atawa harti anu aya dina rubrik “Barakatak” majalah *Manglé*;
- c. Deiksis dina polah ucap nu kapanggih tina rubrik “Barakatak” majalah *Manglé*.

1.4 Mangpaat/Signifikansi Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Hasil panalungtikan bisa dijadikeun pangdeudeul kana élmu basa, hususna pragmatik. Ari sababna, eusina medar perkara polah ucap jeung déiksis nu aya dina rubrik “Barakatak” majalah *Manglé* taun 2017.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, tina hasil ieu panalungtikan téh bisa mere inpormasi:

- a. Pikeun nu maca, hasil panalungtikan bisa dijadikeun sumber inpormasi dina ngaguar élmu pangaweruh ngeunaan polah ucap jeung déiksis nu aya dina rubrik tina majalah *Manglé*.
- b. Pikeun guru, hasil panalungtikan bisa dijadikeun bahan pangajaran matéri di kelas sarta bisa nambahan pangaweruh dina ilmu kabasaan
- c. Pikeun murid, hasil panalungtikan bisa dijadikeun sumber inpormasi bacaan ngeunaan ilmu kabasaan.

1.5 Raraga Tulisan

Raraga Tulisan dina nyusun ieu tesis ngawengku lima bab.

Bab I Bubuka, eusina ngajéntrékeun kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan jeung raraga nulis.

Bab II Ulikan pustaka, eusina ngawengku ulikan tiori, panalungtikan saméméhna jeung raraga mikir.

Bab III Métodologi panalungtikan, eusina ngeunaan désain panalungtikan, sumber data, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data jeung analisis data.

Bab IV Hasil panalungtikan jeung pedaran, eusi ngadadarkeun hasil analisis wanda omongan jeung harti atawa ma’na polah ucap éksprésif katut déiksis nu aya dina rubrik “Barakatak” majalah *Manglé* anu satuluyna dipedar kalawan ringkes tur dipatalikeun kana tiori nu aya.

Bab V Kacindekan, eusina mangrupa intisari tina sakabéh pedaran atawa tina hasil ieu panalungtikan jeung saran ka panalungtik séjénna patali jeung ieu hasil panalungtikan.

Yuliani Mayasari, 2022

POLAH UCAP JEUNG DÉIKSIS DINA RUBRIK “BARAKATAK” MAJALAH MANGLÉ (ULIKAN PRAGMATIK)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu